

## Ugusenga, Ukugandara, hamwe n'ayandi Mahuriro mu Kibano mu Gihe c'Ikiza c'umugera wa Korona

Umugera wa Korona urandukira cane. Isi iri mu gihe c'ikiza rusangi kandi kibangamiye impande zose z'ubuzima bw'abantu, harimwo no gusenga, imigenderanire mu bihe vyo gufungura mu minsi mikuru ikomeye y'amadini, imigirwa yo guhamba, hamwe n'ukwo buri dini rigandara.

Uri umuhinga mu kibano cawe kandi urazi neza ukwo wogira ico uhinduye. Hano turafise ivyokwisungwa mu gukora amasengesho, kugandara, hamwe n'amahuriro mu kibano vyokorwa muri kino gihe:

- Nimushireho umugirwa mwokwama mukora mukibano kandi abantu bose bakagiramwo uruhara. Nk'akarorero, mu bibanza bimwe mu kiringo kanaka c'umunsi, abantu bararimba ubutumwa bw'ubumwe bavuzwa urwamo canke bavuzwa ibicurarangisho. Ibi birarema kwiyumva ko twifatanije n'abandi n'aho twoba tutegeranye.
- Mu gihe ufise amagara meza kandi akaba ata n'umwe arwaye mu nzu iwanyu, urashobora kubandanya ibikorwa vy'urukundo muri kino gihe. Witwararike kuguma ku metero zibiri hagati yawe n'uko ari we wese mutaba mu nzu imwe.
- Amadini menshi arafise imibonano rusangi n'ayo gusangirira hamwe imfungurwa nko kurangiza amafungo ya buri muni mu gihe c'iramazani canke imfungurwa zo kw'Isabato. Muri kino gihe c'ikiza c'umugera wa Korona, bikwiye gukorana gusa n'abo mubana mu nzu. Amahuriro makuru ashobora gufasha cane ikwirakwizwa y'umugera aho mubaye. Ibi biramaze gushika mu bihugu bimwe bimwe.
- Imigenzo yo gushingura abapfuye irafise agaciro gakomeye ahantu hose. Muri kino gihe, ni vyiza gutunganya neza iyo migirwa ku buryo dukingira amagara y'abanyagihugu.
- Kuvugana n'abarongozi b'amadini hamwe n'abavuzi kama vyogira akamaro gakomeye mu gutunganya neza ukwo imigirwa yo gushingura abapfuye no gusenga vyokorwa. Vugane n'abakurongoye mu vyo kwizera:
  - Amakuru uzi ajanye n'umugera wa Korona. Urashobora kumenyesha abandi ahandi hoboneka amakuru muri iACT mu gihe bikewe.
  - Ni gute twoha agaciro amasengesho ya buri muni n'ayo mundwi kandi tukunubahiriza imetero 2 hagati y'umuntu n'uwundi? Mushire hamwe mu gutora ibikwiye gukorwa n'ukwo mushobora gushigikira utwigoro twabo.
  - Ni gute twoguma duha agaciro imigirwa yo gushingura abagenzi n'abanyamuryango ariko twirinzwe guhuriza abantu benshi hamwe? Ni iyihe migirwa twokora igasubirira iyahora ikorwa kandi umwe wese akumva atekaniwe?
- Niba hari amadini menshi aho ubaye, mukoranirize hamwe abarongozi (bazwi n'amategeko n'abatanzwi) bava mu myizerere itandukanye mu nama ya bose kugira ngo mwigire hamwe ukwo hoba ugukorera hamwe mu bijanye n'izo ngingo zikomeye. Mu gihe co gukorana, mwibuke kuba ku metero 2 hagati y'umuntu n'uwundi kandi munapfuke iminwa na masike, impuzu, canke isikafu.

### Ubutumwa bukomeye buvuye ku Barongozi b'Abameshengeru kw'Isi Yose:

*Gukuraho amasengesho rusangi mu misigiti, hamwe kandi n'ibikorwa vyose bihuza abantu vy'ishengero, ni igikorwa ngirakamaro mu ntumbero ya Shariyah kandi si uko gusa atari icaha gukora ukwo, ariko kandi ni icaha guhonyanga iryo tegeko maze ugashira mu kaga wewe ubwawe ndetse n'abandi. Mu ngingo yayo ya mbere Shariyahharimwo ugukingira ubuzima; ikindi kandi iryo tegeko ntiribuzwa amasengesho asanzwe (ashobora gukorwa n'umuntu ku gatwe kiwe), ahubwo nyabuna amasengesho yo muri rusangi (ayo abenshi mu banyabwenge bemeza ko atari ntabanduka kuri buri muntu, kandi anashobora gukorwa ku mpamvu zitandukanye, harimwo n'ibihanze abantu. Azoguma ahagaritswe gushika igihe abahinga mu buvuzi bamenyesheje ko vyohere. Iki ni ikibazo gikwiye kuraba abahinga mu vy'ubuvuzi, atari abarongozi mu vy'idini." - Inama Nkuru Ijejwe Insiguro z'amategeko y'idini rya Isaramu muri Amerika y'Uburaruko*

*"Umunyamabanga Mukuru w'Inama Nkuru y'amashengero kw'Isi yose (WCC) Umwungere Dr. Olav Fykse Tveit hamwe n'umwunganizi wa Komite Nkuru ya ya nama WCC Dr. Agnes Abuom yahamagariye abantu hamwe n'amashengero gushimika cane mu "gukora ibishoboka vyose mu gukingira amagara" kandi "anasaba ko amashengero yohagarika ibikorwa bihuza abantu benshi kuko amakoraniriro ashobora kuba ikibuga co gukwirakwiza umugera" no gukurikira neza impanuro n'ingingo zafashwe n'abategetsi bafatiye ku ngingo ngenderwako z'ishirahamwe Mpuzamakungu rijejwe Amagara y'abantu kw'isi." - Inama nkuru y'Amashengero kw'Isi Yose*

*"Dutegerezwa kandi gutahura ko ata muntu n'umwe adashobora kurwara, maze turamvure amaboko mu gufasha abandi batagira aho baba, ibibabeshaho canke umuryango wobakingira. Iki kiza kiratwereka ko tudatandukanye na gato n'aho twoba tuba mu bice bitandukanye. Ku bw'ivyo rero, turakwiye kugira uruhara mu bikorwa vy'ukwitwararika no gufashanya. [...] Ndizera mu vy'ukuri ko umwe wese akomeza kwirinda kandi akaguma atekanye. Muri ibi bihe vy'umwihaburo, ni vyiza ko tutotakaza ukwizera n'ukwizigira ibikorwa vy'ubutabazi biriko birakorwa na benshi." - Dalai Lama*

*Umugani umwe wo muri Africa wigisha ko "Urutoke rumwe rudashobora kuyora ifu. Ni muze rero dushire inguvu hamwe mu kurwanya iki kiza ruhonyanganda hamwe n'ingaruka zaco zose mu gihugu cacu hamwe mbere no kw'isi yose... [ki]rafise ingaruka mbi ku magara, mu mibano n'ubutunzi, mu mico kama, hamwe Ingero z'ivy'impwemu." - Karidinari Philippe Nakellentuba Ouédraogo, Umukuru w'Inama Nkuru y'Abepisikopi muri Afrika na Madagaskari*